



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI

REPUBLIK INDONESIA

2023

# Kuda Kyai Gentaayu

Penulis : Sigit Purnomo  
Ilustrator: Angga Yuniar S









KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI

REPUBLIK INDONESIA

2023

# Kuda Kyai Gentayu

**Penulis : Sigit Purnomo**

**Ilustrator : Angga Yuniar Santosa**

**Penerjemah: Sigit Purnomo**

**Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia.**  
Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh Pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU No. 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel [balaibahasadiy@kemdikbud.go.id](mailto:balaibahasadiy@kemdikbud.go.id) diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

## **KUDA KYAI GENTAYU**

Penulis : Sigit Purnomo  
Ilustrator : Angga Yuniar Santosa  
Penerjemah : Sigit Purnomo  
Penyunting : Nur Ramadhoni Setyaningsih  
Penata letak: Angga Yuniar Santosa

### **Penerbit**

Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh  
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta  
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta  
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023  
ISBN 978-623-112-601-6

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic 14-18.  
ii, 36 hlm: 21 x 29,7 cm.



## Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.


Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi





Ibnu Harjuna, biyasane diundang Juna, senenge ora mekakat. Dina iki dheweke arep sowan Simbah ing Dhusun Kajar, Kabupaten Gunungkidul. Wis setengah tahun dheweke ora sowan Simbah.

Pageblug *virus korona* sing gawe geger donya iku sing njalari.

Warga Dhusun Kajar, akeh-akehe dadi pandhe besi. Alat-alat tani, gamelan, tapel kuda kabeh ana. Wesi diobong nganti abang, diwangun sarana digepeng, ditekuk, ditatah, lan dibolong. Biyen ana sing gawe keris, asmane Mbah Karyo Diwongso. Emane, Mbah Karyo saiki wis seda, ora ana sing nerusake.

Ibnu Harjuna, biasa dipanggil Juna, hatinya sangat senang. Hari ini dia akan berkunjung ke rumah Kakek di Dusun Kajar, Kabupaten Gunungkidul. Sudah setengah tahun dia tidak berkunjung ke rumah kakeknya.

Wabah *virus corona* yang menggemparkan dunia itulah penyebabnya.

Warga Dusun Kajar pada umumnya menjadi pandai besi. Alat-alat pertanian, gamelan, tapal kuda semuanya ada. Besi dibakar hingga merah, dibentuk dengan cara ditempa, ditekuk, dipahat, dan dilubangi. Dahulu ada yang membuat keris, namanya Mbah Karyo Diwongso. Sayangnya, beliau sudah meninggal dan tidak ada yang meneruskan.

Juna wis ora sabar selak  
kepingin ketemu  
Simbah. “Bapak kondur  
jam pinten?” pitakonane  
Juna bola-bali karo  
nyawang *jam dinding*.  
Jarum dhetikan kuwi  
mubenge kaya alon  
banget.

“Njenengan ampun  
ngabari Simbah riyin,  
Iho, Bu! Mundhak  
mboten *kejutan*.”

“Menawa Ibu ora  
ngabari, nanging embuh  
menawa bapakmu.”

“Wah..., Bapak nggih  
ampun angsal ngabari,  
Bu!”

Juna sudah tidak sabar  
untuk bertemu  
kakeknya. “Bapak  
pulang jam  
berapa?” pertanyaan  
Juna berulang kali  
sambil melihat jam  
dinding. Jarum jam  
seakan berjalan sangat  
lambat.

“Ibu jangan memberi  
tahu Kakek dulu, *Iho!*  
Nanti tidak jadi  
kejutan”

“Kalau Ibu, *sih*, tidak  
memberi tahu, tapi  
tidak tahu kalau  
bapakmu.”

“Bapak juga jangan  
memberi tahu Kakek  
dulu, Bu!”




“Kok, Bapak milih dados tentara, ta, Bu? Kok, boten dados guru kados Om Fajar, utawa dados bakul kados Pakdhe Mardi.” Iku pitakone Juna telung tahun kepungkur rikala arep ditinggal bapake tugas ing Papua.

Saben-saben arep tugas, bapake Juna nyelakake wektu sowan Simbah. Perlune kanggo nyuwun donga pangestu marang bapake sisan nyekar ing makam ibune. Kanggo bapake Juna, rong perkara kuwi hukume wajib, kudu dilakoni.

“Bapak, kok, memilih jadi tentara, ta, Bu. Kok, *nggak* jadi guru seperti

Om Fajar, atau jadi pedagang seperti Pakde Mardi?” Itu pertanyaan Juna tiga tahun yang lalu saat bapaknya berpamitan tugas ke Papua.

Setiap melaksanakan tugas bapak Juna pasti menyempatkan berkunjung kepada Kakek. Keperluannya untuk meminta doa restu kakek sekaligus menengok makam nenek. Bagi bapak Juna, dua hal itu hukumnya wajib untuk dilaksanakan.





Ngepasi wektu Magrib,  
keluwargane Juna tekan  
daleme Simbah. Lampu  
sing nuju pekarangane  
Simbah wis murub.  
Simbah lagi tindak  
masjid. Simbah mung  
ijen. Simbah Putri seda  
sepuluh tahun  
keprungkur. Putrane  
Simbah kakung kabeh.  
Nomer siji asmane Ibnu  
Sapar. Sing nomer loro  
Ibnu Fajar.

Sing manggon sadhusun  
iku sing nomer loro.  
Dheweke rabi entuk  
putrine Bu Siti Rahayu  
sing anak tunggal. Mula,  
Om Ibnu Fajar ora bisa  
mingkuh, kudu gelem  
manggon dadi siji karo  
maratuwa. Tujune  
omahe isih sadhusun,  
dadi isih bisa  
nyambang Simbah.

Bertepatan dengan  
waktu salat Magrib,  
mereka tiba di rumah  
Kakek. Lampu  
menuju pekarangan  
sudah menyala. Kakek  
sedang salat di masjid.  
Kakek hidup sendiri,  
Nenek meninggal  
sepuluh tahun yang lalu.  
Kakek memiliki dua  
anak, laki-laki semua.  
Anak pertama bernama  
Ibnu Sapar, bapak  
Juna; dan anak kedua,  
Ibnu Fajar.

Anak yang tinggal satu  
dusun dengan Kakek  
adalah anak nomor dua.  
Dia menikah dengan  
putri tunggal Ibu Siti  
Rahayu sehingga harus  
tinggal serumah dengan  
mertua. Untung  
rumahnya masih  
sekampung sehingga  
masih bisa menengak-  
nengok Kakek.

“Ayo salat Magrib neng masjid.” Bapak ngendikani sawise nutup lawang mobil.

“Ampun, Pak!” Juna menging.

“Lhoo..., lha, piye, ta?”

“Mundhak kepethuk Simbah, mundhak mboten sida *kejutan*.”

“Ya, wis. Ayo, salat bareng ing omah mburi!”

Lawang omah arang dikunci, kejaba yen ditinggal lunga adoh. Padatan iku wis kawit jaman Simbah Putri isih sugeng. Apa maneh sawise ana lindhu gedhe taun 2006, padatan kuwi dianggep luwih bener dening Simbah.

“Ayo, salat Magrib di masjid dulu.” Bapak memberi perintah setelah menutup pintu mobil.

“Jangan, Pak!” kata Juna melarang.

“*Lho, gimana, to?*” tanya Bapak.

“*Lha, nanti ketemu Kakek, nggak jadi kejutan, dong.*”

“Ya, sudah. Kita salat di ruang belakang saja.”

Pintu rumah memang tidak pernah dikunci, kecuali jika ditinggal pergi jauh dan lama. Kebiasaan itu sudah berlangsung sejak Nenek masih hidup. Apalagi setelah terjadi gempa besar pada tahun 2006, kebiasaan itu dianggap lebih benar.


Ora suwe, kaya ana wong mlaku mlebu pekarangne Simbah. Pawakane dhuwur lakune rada mbengkuk. Juna langsung mlayu ngrangkul simbahe. Untung wae Juna ora kesandhung tunggak jambu kluthuk ing cerak anggone ngadeg.

Langit abu-abu wis semu peteng. Mangsane lawa metu saka pupus gedhang. Codhot metu saka guwa-guwa. Walang kerek lan jangkrik uga wis ancang-ancang mecaki dawane wengi. Ing ndhuwur lawang, cedhak lampu, ana cecak lagi nyegat lemut sing pating sliwer. Juna lan simbahe mlebu lawang kuwi.

Beberapa waktu kemudian, terlihat bayangan menuju ke pekarangan rumah. Perawakannya tinggi, langkahnya sedikit bongkok. Juna segera berlari dan memeluk kakeknya. Untung Juna tidak tersandung pokok kayu jambu biji yang berada di dekat Juna berdiri.

Langit abu-abu mulai gelap. Saatnya kelelawar keluar dari pupus pisang. Codot keluar dari gua-gua. Belalang dan jangkrik bersiap mengisi panjangnya malam. Di dinding rumah, tepat di atas pintu, ada cicak sedang mencegat nyamuk. Juna dan Kakek masuk rumah melalui pintu itu.







“Assalamualaikum!” Simbah

- uluk salam.

“Walaikumsalam!” Bapake

- lan ibune Juna mbales salam bareng-bareng.

“Wis padha salat Magrib,

- ta?” pitakone Simbah.

“Sampun, Pak. Wonten

- ngomah mburi niku wau,” semaure ibune Juna.

Durung nganti lungguh ing

- dhipan, bapake lan ibune Juna banjur sungkem marang Simbah.

“Juna, ya, wis salat, ta?”

“Sampun, Mbah. *Jamaah*

- kaliyan Bapak Ibu,” Juna mangsuli.

“Assalamualaikum!” Kakek

- mengucap salam.

“Walaikumsalam!” bapak

- dan ibu Juna menjawab salam bersamaan.

“Sudah salat Magrib,

- ‘kan?” tanya Kakek.

“Sudah, Pak. Di ruang

- belakang tadi,” jawab ibu Juna.

Sebelum duduk di dipan, ibu

- dan bapak Juna langsung menyalami Kakek, sungkem dan mencium tangan Kakek. Juna merangkul Kakek.

“Juna juga sudah salat?”

- tanya Kakek.

“Sudah, Kek. Tadi

- berjemaah sama Bapak dan Ibu.”

Nyawang Simbah mung ijen, sajane Bapak mesakake. Amarga wis dadi kersane Simbah, anak-anak ora bisa meksa. Untung wae Om Fajar katampa dadi guru ing cedhak omah, dadi bisa nyambangi Simbah sawayah-wayah.

Omah mburi pancen kepenak kanggo jangongan. Ing sisih tengen ana meja dawa, ngarep mburine ana resban. Termos, teko, lan cangkir cemepak. Malah ing ndhuwur meja uga ana radhio. Simbah pancen luwih seneng mirengake radhio tinimbang mirsani tipi.

Melihat Kakek tinggal sendirian, ada rasa kasihan di hati bapak Juna.

Namun, kemauan Kakek memang seperti itu. Untung saja, Om Fajar menjadi guru di dekat rumah sehingga bisa menyambangnya sewaktu-waktu.

Ruang belakang memang nyaman untuk bercengkrama. Di sebelah kanan ada meja panjang, di depan dan di belakang ada balai-balai untuk duduk. Di meja ada termos, teko, dan cangkir. Ada juga radio. Kakek memang lebih suka mendengarkan radio daripada melihat televisi.

Tanpa diprentah, ibune  
Juna nggawe wedang.

“Ngangge toya termos,  
napa nggodhog enggal,  
Pak?”

“Nganggo banyu termos  
wae. Lagi mau sore  
olehku nggodhog,”  
ngendikane Simbah.

“Tur, Bapak kersane  
ngunjuk, ya, nek wis  
adhem,” bapake Juna  
nanduki.

“Ning, menawa banyune  
ora panas, tehe rak ya  
ora masah, ta, Mas?  
Rasane kemba.”

“Ibu, keripik welute  
wau diparingke pundi?”  
pitakone Juna marang  
ibune.

“Lha, kuwi neng kerdus  
soklat.”

Tanpa diperintah, Ibu  
membuat minum.

“Pakai air termos atau  
masak air lagi, Pak ?”  
tanya Ibu.

“Pakai air termos saja.  
Baru dimasak tadi sore,”  
jawab Kakek.

“Apalagi Bapak ndak  
suka yang panas-  
panas,” bapak Juna  
menambahkan.

“Tapi, kalau airnya  
kurang panas, tehnya  
tidak pekat. Rasanya  
hambar.”

“Ibu, keripik belut tadi  
di mana?” tanya Juna.

“Itu, lho, di kardus  
coklat.”



Ibune Juna nggelar kasur ana ing ngarep tipi. Adat sabene menawa mulih ing Gunungkidul, senengane turu bareng ing omah mburi. Papane jembar, bladhahan ora ana singgetan. Ing sisih kiwa, ana meja lan resban kanggo lenggahan. Ing sisih tengen ana *buffet* sing ngiras pantes wadhah tipi.

Tipi wis dipateni, ganti siaran wayang saka radhio. Sasat saben mbengi radhio kuwi dipanjer. Hiburane Simbah sing paling disenengi pancen mirengake radhio, yaiku siaran wayang kulit, kethoprak, utawa uyon-uyon.

Ibu Juna menggelar kasur di depan televisi. Sudah menjadi kebiasaan, setiap pulang ke Gunungkidul mereka tidur bersama di tempat tersebut.

Tempatnya luas, tidak ada sekat-sekat. Sebelah kiri terdapat meja dengan dua balai-balai. Sebelah kanan terdapat *buffet* sekaligus tempat televisi.

Televisi sudah dimatikan, digantikan siaran wayang dari radio. Hampir setiap malam radio itu dibiarkan menyala. Salah satu hiburan Kakek adalah mendengarkan radio, yaitu siaran wayang kulit, kethoprak, dan juga *uyon-uyon*.



Esuke Juna wis mruput marani adhine, si Paksi. Menawa duwe kekarepan Juna pancen ora kena dipenggak. Ngudung, ora sabaran.

“Dhik Paksi, aku oleh tugas nggambar pahlawan. Aku kepingin nggambar Pangeran Diponegoro. Mbok aku diajari!”

“Nggambar Pangeran Diponegoro kuwi pancen angel, Mas. Mbok liyane wae!”

“Emoh..., aku kepingine Diponegoro, kok.”

“Anggone namatke kudu teliti supaya dadine ora wagu lan katon gagah,” Paksi njelasake marang kakange.

Bocah loro kuwi banjur nyiyapake buku gambar, potlot, setip, lan garisan. Juna ngetokake buku pelajaran sing ana gambare Pangeran Diponegoro numpak jaran.

Pagi-pagi Juna menyusul adiknya, Paksi. Kalau berkemauan, Juna memang sulit dibendung. Kemauanya keras sekali, tidak sabaran.

“Dik Paksi, aku mendapat tugas menggambar pahlawan. Aku ingin menggambar Pangeran Diponegoro. Aku diajari ya, Dik,” kata Juna pada Paksi.

“Menggambar Pangeran Diponegoro memang agak rumit, Mas. Yang lain saja!”

“Tidak. Aku ingin menggambar Pangeran Diponegoro!” jawab Juna tegas.

“Harus teliti mengamatinya supaya hasilnya sesuai dan terkesan gagah,” Paksi menjelaskan.

Kedua anak itu menyiapkan buku gambar, pensil, penggaris, dan penghapus. Juna mengeluarkan buku pelajaran yang ada gambar Pangeran Diponegoro sedang menaiki kuda.





“Sepisanan nyonto saka gambar sik wae, Mas. Tamatna sing teliti. Kira-kira olehe nggambar diwiwiti saka ngendi.”

“Saka ngendi, ya, Dhik? Aku bingung.”

“Coba, Mas, wiwitana nggambar jarane!”

Juna nuruti sing diomongake adhine. Gawe ngengreng bola-bali, nanging rumangsa durung pas. Entek-entekane disetip. Juna namatake meneh, nanging tetep wae durung bisa nemokake kepiye carane nggambar.

“Kok, angel, ya, Dhik. Nek ngeblat sik oleh ora, Dhik?”

“Ya, ora apa-apa, Mas. Wong jenenge wae lagi sinau.”

“Awalnya kita mencontoh gambar dulu, Mas. Amatilah dengan teliti Mas. Kira-kira harus diawali dari mana,” kata Paksi pada kakaknya.

“Mulai dari mana ya, Dik? Aku bingung,” kata Juna jujur.

“Coba mulai menggambar kudanya dulu, Mas!”

Juna menuruti apa yang dikatakan adiknya. Berkali-kali mencoba mencoretkan pensilnya, merasa kurang pas, kemudian menghapusnya lagi. Kemudian Juna mengamati lagi, tapi belum bisa menemukan bagaimana cara menggambar.

“Kok, sulit, ya, Dik. Bagaimana kalau menjiplak saja?” kata Juna polos.

“Ya *ndak* apa-apa, Mas. Namanya juga masih belajar.”

Juna banjur ngetokake buku tulis, sing kertase tipis. Nyuwek salemban banjur ditemplekake ing ndhuwur conto gambar. Alon-alon Juna nyethakake gambar sing remeng-remeng. Kurang luwih rong puluh menit rampung ngeblat. Gambar disawang bola-bali.

“Bentuke padha. Nanging, kok, rumangsaku isih ana sing kurang, ya, Dhik.”

“Jenenge wae ngeblat, ta, Mas. Mesthi wae rak kurang marem.”

“Kudu kerep latihan, ya, Dhik?”

“Latihane nggambar bentuk sik, Mas. Contone nggambar gelas, gendul, kursi, utawa meja. Nek wis bisa nggawe bentuk, banjur nggambar wong, pemandangan, lan liya-liyane.

“Lumrah, Dhik, nek kowe dadi juara *menggambar*,” Juna ngalem adhine.

Kemudian Juna mengeluarkan buku tulis yang kertasnya tipis. Juna mengambil satu lembar pada bagian tengah dan menempelkan kertas itu di gambar tersebut. Kemudian Juna mulai mencoret-coret mengikuti garis bayang-bayang gambar. Kurang lebih dua puluh menit dia menyelesaikan pekerjaan itu. Juna mengamati hasil pekerjaannya.

“Bentuknya sama, tapi, kok, ada sesuatu yang mengganjal, ya, Dik?”


“Namanya juga menjiplak, Mas. Pasti kurang puas.”

“Harus banyak latihan, ya, Dik?”

“Latihan menggambar bentuk dulu, Mas. Contohnya menggambar bentuk gelas, botol, kursi, atau meja. Kalau sudah bisa, baru dilanjutkan menggambar manusia, pemandangan, dan sebagainya.

“Pantas, Dik, kalau kamu juara melukis,” Juna menyanjung adiknya.





Kawit cilik Paksi wis biyasa coret-coret. Ndilalah ing cedhak omahe Paksi ana sanggar lukis. Saben mulih sekolah, Paksi sinau ing sanggar kuwi. Sing nglatih jenenge Mas Hari Wahyu. Mas Hari iku priyayi saka Jawa Timur, nanging milih manggon ing ndesa.

Nyawang putune padha sinau nggambar, Simbah rumangsa seneng banget atine. Satemene kawit mau kepingin nyedhak, nanging sumelang malah ngganggu. Rasane ora bisa diampet, kepeksa Simbah nyedhak.

“Coba Simbah takndeleng gambare. Sida nggambar Pangeran Diponegoro, ta?”

“Wah..., ampun, Mbah! Kula isin. Kula sagede nembe ngeblat, Mbah.”

“Watone tekun le sinau, mengko rak suwe-suwe bisa,” ngendikane Simbah nglipur atine putune.

Sejak kecil Paksi sudah terbiasa corat-coret membuat gambar. Kebetulan di dekat rumah Paksi ada sanggar lukis. Setiap pulang sekolah, Paksi belajar di sanggar tersebut. Gurunya bernama Mas Hari Wahyu. Mas Hari berasal dari Jawa Timur, tetapi memilih untuk tinggal di desa.

Melihat kedua cucunya belajar menggambar, Kakek senang sekali. Sebenarnya sudah sejak tadi Kakek ingin mendekat, tetapi khawatir mengganggu kenyamanan cucunya. Meskipun pada akhirnya, Kakek mendekat.

“Coba Kakek lihat gambarnya seperti apa. Jadi menggambar Pangeran Diponegoro, ya?”

“Wah..., jangan, Kek! Saya malu. Saya baru bisa menjiplak, Kek,” kata Juna.

“Asalkan tekun dalam belajar, nanti lama-lama pasti bisa,” kata Kakek menghibur cucunya.



“Simbah takndongeng,  
ya, Le.” Simbah meneng  
sedhela.

“Eyang canggahmu kuwi  
pendhereke Diponegoro.

Perange Diponegoro  
kuwi kanthi  
cara gerilya. Diponegoro  
anggone nyebar  
pasukan sasat rata sak  
Pulo Jawa. Mula, Landa  
dadi bingung.

Kedadeyan perang bisa  
bareng antarane papan  
siji lan liyane.

Pendhereke Pangeran  
Diponegoro sadhengah  
papan ana.”


Juna lan Paksi  
ndhengklik  
ngrungokake ceritane  
Simbah. Ketok menawa  
ana rasa seneng, utawa  
malah mongkog. Simbah  
nerangake menawa  
eyang canggahe klebu  
pendhereke Pangeran  
Diponegoro.

“Kakek boleh bercerita,  
ya!” kata Kakek  
kemudian terdiam  
sebentar.

“Eyang canggahmu  
dulu prajurit Pangeran  
Diponegoro. Eyang  
canggah ikut berperang  
dengan cara bergerilya.  
Prajurit Pangeran  
Diponegoro tersebar  
hampir di seluruh Pulau  
Jawa. Makanya, Belanda  
kebingungan. Perang  
bisa pecah di dua tempat  
yang berbeda, dalam  
waktu yang sama.  
Prajurit Pangeran  
Diponegara ada di  
mana-mana”

Juna dan Paksi serius  
mendengarkan cerita  
Kakek. Terbersit rasa  
senang sekaligus bangga  
karena ternyata eyang  
canggah mereka  
termasuk pengikut  
Pangeran Diponegoro.





“Pangeran Diponegoro kalah merga *diliciki* Landa utawa Belanda. Belanda ngajak musyawarah, nanging entek-entekan Diponegoro dirangket. Kedadeyane ana ing Magelang. Pendhereke bubar golek slamet dhewe-dhewe. Klebu eyang canggahmu mlayu tekan kene,” ngendikane Simbah kanthi unjal ambegan.

Sawetara wektu Simbah meneng. Bocah loro kuwi matman sajak ana sing lagi dipikir. Nanging, ora ana sing miwiti kandha nganti Simbah neruskake critane.

Kudune Diponegoro jumeneng dadi sultan, nanging ora kersa. Diponegoro milih manggon ing Tegalrejo, ndherek eyang buyute, Gusti Ratu Ageng. Lemahe jembare ora mekakat. Tegalrejo dadi subur makmur.

Pangeran Diponegoro priyayi sing sugih banget. Piyambake seneng ngingu kewan, kaya jaran, manuk, iwak, lan liya-liyane. Abdine cacahé atusan. Sing mligi ngopeni jaran cacahé ana wong sewidak.

Walanda ora seneng karo Pangeran Diponegoro amarga piyambake mbedhal saka pranatan kraton. Wektu kuwi Walanda wis kebablasen anggane nyampuri urusan kraton.

“Pangeran Diponegoro kalah karena kelicikan Belanda. Belanda mengajak berunding, tetapi ujung-ujungnya Pangeran Diponegoro ditangkap. Peristiwa ini terjadi di Magelang. Para prajurit menyebar ke berbagai penjuru untuk menyelamatkan diri. Termasuk eyang canggah kalian, melarikan diri ke sini,” tutur Kakek, sambil menghela nafas panjang.

Untuk beberapa saat, Kakek terlihat diam. Juna dan Paksi saling pandang seolah ada yang sedang dipikirkan. Namun, tidak ada yang memulai bicara hingga Kakek melanjutkan cerita.

Pangeran Diponegoro seharusnya naik tahta menjadi Raja di Yogyakarta. Namun, beliau tidak mau dan memilih tinggal di Tegalrejo mengikuti eyang buyutnya, Gusti Ratu Ageng. Tanahnya sangat luas. Tegalrejo subur dan makmur.

Pangeran Diponegoro orang yang kaya raya. Beliau senang memelihara berbagai jenis hewan, seperti kuda, burung, ikan-ikan, dan sebagainya. Pegawainya berjumlah ratusan. Yang khusus merawat kuda berjumlah 60 orang.

Belanda tidak suka dengan Pangeran Diponegoro karena beliau sering menentang keputusan keraton yang sudah disusupi kepentingan penjajah Belanda.







Ing salah sawijining dina,  
Dalem Tegalrejo dikepung  
dening Walanda. Kabeh  
lawang wis dijaga *tentara*  
Walanda. Ndilalah kersane  
Gusti Allah, Pangeran  
Diponegoro bisa njebol  
tembok, mung sarana  
nganggo astane.

Desa Selarong papan tetirah.  
Malah nalika ngadani  
perang, Selarong dadi papan  
kanggo ngimpun *pasukan*.  
Prajurit padha dilatih olah  
kanuragan uga olah  
kebatinan. Saya suwe  
pendhereke saya akeh.  
Walanda sangsaya kuwatir.

Pangeran Diponegoro  
kondhang pinter perang.  
Walanda rumangsa tobat  
mungsu Pangeran  
Diponegoro. Wesi aji utawa  
pusaka kaya nyimpen  
perbawa ora sabaene. Malah  
Diponegoro duwe pusakan  
awujud kuda, yaiku Kuda  
Kanjeng Kyai Gentayu. Kuda  
iki dadi katuranggane pancal  
panggung Pangeran  
Diponegoro. Kulitane ireng,  
dedeg piadege gedhe dhuwur,  
sikile papat ana wernane  
putih.

Pada suatu hari, rumah  
Tegalrejo dikepung oleh  
Belanda. Semua pintu dijaga  
oleh tentara Belanda. Atas izin  
Sang Maha Kuasa, Pangeran  
Diponegoro berhasil menjebol  
tembok hanya dengan tangan  
kosong.

Desa Selarong menjadi tempat  
untuk tetirah atau  
mengungsinya. Ketika perang  
dimulai, Selarong menjadi  
tempat untuk menghimpun  
kekuatan. Para prajurit dilatih  
ilmu kesaktian dan kebatinan.  
Semakin lama pengikut  
Pangeran Diponegoro semakin  
banyak. Belanda semakin  
khawatir.

Pangeran Diponegoro terkenal  
cerdas dalam berperang.  
Belanda kewalahan  
menghadapi strategi perang  
Pangeran Diponegoro.  
Beberapa pusaka Pangeran  
Diponegoro seperti memiliki  
energi yang luar biasa. Bahkan  
Pangeran Diponegoro seperti  
memiliki pusaka hidup, yaitu  
kuda yang diberi nama Kyai  
Gentayu. Kuda ini merupakan  
kendaraan Pangeran  
Diponegoro ketika di panggung  
peperangan. Kulitnya  
berwarna hitam, badannya  
tinggi besar, dan empat  
kakinya berwarna putih.

Sawijining dina, ana kedadeyan sing ora sabaene. Nalika iku, Pangeran Diponegoro ana ing Dhusun Krebet, didherekake Ngabehi Joyokusumo lan uga pendhereke sing cacahé wong patang puluh. Ngepasi wayah bedhug, Ngabehi Joyokusumo matur marang Pangeran Diponegoro yen saene ngaso dhisik, sisan ngleksanani salat Luhur. Pangeran Diponegoro sarujuk marang usule pamane.

Saperangan pasukan ngleksanani salat, saperangan liyane padha jaga-jaga. Pangeran Diponegoro duwe pirasat sing ngganggu penggalihe. Piyambake ora kersa sembahyang dhisik. “Saka rumangsaku, kok, ana sing ora sreg,” batine Pangeran Diponegoro. Sengaja Pangeran Diponegoro urung kersa matur marang pamane, Ngabehi Joyokusumo. Pangeran Diponegoro nyawang adoh. Kaya ana tandha sing nyalawadi.

Suatu hari ada kejadian luar biasa. Pangeran Diponegoro sedang berada di Dusun Krebet bersama Ngabehi Joyokusumo dan 40 orang prajurit. Tepat pada waktu tengah hari, Ngabehi Joyokusumo meminta kepada Pangeran Diponegoro untuk beristirahat sejenak dan melaksanakan salat Zuhur. Pangeran Diponegoro menyetujui saran pamannya.

Sebagian mereka melakukan salat dan sebagian yang lain berjaga-jaga. Pangeran Diponegoro merasakan ada sesuatu yang mengganggu pikirannya. Beliau belum mau bersembahyang lebih dulu.

“Firasatku mengatakan ada yang ganjil,” Pangeran Diponegoro berkata lirih. Beliau sengaja tidak mengatakan pada pamannya, Ngabehi Joyokusumo. Sang Pangeran melihat jauh ke segala arah. Seperti ada yang mencurigakan.



“Supados radi tentrem, mangga sembahyang rumiyin,” ngendikane Ngabehi Joyokusuma.

“Leres, Paman. Mangga nyuwun pangayoman dhumateng Gusti Allah.”

Kahanan tintrim. Pendherek sing cacahé patang puluh sasat ora wani segu utawa antop. Mung para pekathik ana sing makani jaran, ngelus-elus, malah ana sing mijeti. Kyai Gentayu ora kaya adate. Dheweke ora gelem mangan. Pekathike bingung, terus ngelus-elus sirahe Kanjeng Kyai Gentayu.

“Supaya lebih tenang silakan Pangeran bersembahyang dulu,” kata Ngabehi Joyokusumo.

“Benar, Paman. Mari kita berdoa semoga Sang Maha Kuasa memberi perlindungan pada kita.”

Suasana sepi. Prajurit yang berjumlah 40 orang tersebut tak ada yang berani bergerak sekalipun hanya sejengkal. Hanya para penuntun kuda yang memberi makan kuda, mengelus-elus, bahkan memijit kuda. Kyai Gentayu tidak seperti biasa. Dia tidak mau makan. Pengasuhnya tampak ikut gelisah, kemudian ia hanya mengelus-elus kepala kuda itu.





Pangeran Diponegoro  
lan Ngabehi  
Jayokusumo urung ana  
sing miwiti  
pangandikan. Apa  
maneh para prajurite,  
kaya-kaya ambegan wae  
didhelikake. Polatan lan  
polahe Kyai Gentayu  
katon ora jenak.  
Komboran sing  
dicepakake ing ngarepe  
malah disampar.

Pangeran Diponegoro  
ngunjal abegan jero  
terus sedhakep. Sang  
Pangeran semedi  
nyuwun pituduhe Gusti  
Allah. Ana swara  
playune jaran sing  
cacahé ora sethithik.  
Saya suwe swarane saya  
cetha. Malah swarane  
ora mung saka sisih.

Pangeran Diponegoro  
dan Ngabehi Joyokusumo  
masih saling membisu.  
Apalagi para prajurit,  
seolah hembusan  
nafasnya pun  
disembunyikan. Perilaku  
Gentayu menunjukkan  
kegelisahannya.  
Makanan kuda yang  
disediakan justru  
disepakunya.

Pangeran Diponegoro  
menarik nafas panjang,  
lalu bersedekap. Beliau  
memejamkan mata,  
bersemedi, memohon  
perlindungan kepada  
Yang Maha Kuasa.  
Sayup-sayup terdengar  
suara derap langkah  
kuda yang jumlahnya  
sepertinya tidak sedikit.  
Semakin lama, semakin  
jelas. Bahkan sepertinya  
tidak hanya dari satu  
arah.



“Kabeh prajurit, siyaging panggonane dhewendhewe!” Ngendikane Pangeran Diponegoro marang kabeh pendhereke.

“Kita sampun dipunkepung, Pangeran,” Ngabehi Joyokusumo mratitiske kahanan.

“Sedaya, kula suwun tetep tenang.”

“Leres, Pangeran. Sedaya kedah wening.”

Pangeran Diponegoro isih tetep mendel. Pasuryane nggambarake menawa lagi menggalih abot. Kuda Kyai Gentayu polahe sangsaya ora karuwan.

“Semua prajurit tetap bersiaga di tempat masing-masing!” perintah Diponegoro pada seluruh prajurit.

“Kita sudah terkepung, Pangeran,” kata Ngabehi Joyokusumo.

“Saya harap kita tetap tenang,” kata Pangeran Diponegoro.

“Siap, Pangeran. Segala sesuatu harus diputuskan dengan hati yang jernih.”

Pangeran Diponegoro masih tetap terdiam. Wajah beliau terlihat sedang memikirkan sesuatu yang berat. Perilaku Kyai Gentayu semakin tidak terkontrol.





Cacahe tentara Walanda  
akeh banget. Prajurit  
Pangeran Diponegoro ora  
bakal menang menawa  
dipeksa perang amarga  
cacahe ora imbang. Bisane  
mung pasrah, nyuwun  
pangayoman marang Gusti  
Allah. Pasuryane Ngabehi  
Joyonegoro katon pucet.  
Semono uga para prajurite.  
Ananging, menawa kudu  
maju, kabeh wis siap.  
Sanadyan kaya wis ora  
bakal menang.

Jumlah tentara Belanda  
sangat banyak. Prajurit  
Diponegoro tidak bakal  
menang jika dipaksakan  
berperang karena jumlah  
yang tidak imbang. Yang  
bisa dilakukan hanya  
pasrah memohon  
perlindungan kepada Yang  
Maha Kuasa. Wajah  
Ngabehi Joyokusumo  
terlihat sangat pucat,  
begitu juga para  
prajuritnya. Namun begitu,  
jika harus berperang,  
semua siap. Sekalipun tidak  
bakal menang.

Polahé Kyai Gentayu saya ndadi. Kyai Gentayu mbedhal palang, ucul saka kendhaline pekathik. Gentayu mlayu nubruk, nggudak, mengkal *tentara Walanda*. Gentayu dadi kaya bantheng ketaton. *Tentara Walanda* kalang kabut, kocar-kacir. Puluhan tombak lan panah wus tumancep ing awake Kyai Gentayu. Nanging, ora ngurangi tandange anggone ngamuk. Gentayu ngoyak salah sawijine jaran sing ditunggangi pimpinan *tentara Walanda*.

Kyai Gentayu gelisah. Ia berontak dan melepaskan diri. Gentayu melompat, menyepak, dan menabrak tentara Belanda. Gentayu mengamuk membabi buta. Tentara Belanda menjadi kocar-kacir, dan terus dikejanya.

Puluhan tombak dan panah tertancap di tubuh Gentayu, tetapi tidak mengurangi tenaga Gentayu. Gentayu mengejar salah satu kuda yang ditunggangi pimpinan prajurit Belanda.







Pangeran Diponegoro seolah tidak percaya dengan kejadian yang sedang dialami. “Semua karena kehendak Tuhan.”

Pangeran Diponegoro berlari memacu kuda Kyai Girisa, diikuti oleh seluruh prajurit. Pangeran Diponegoro sebenarnya tidak tega meninggalkan Gentayu yang penuh dengan luka di sekujur tubuhnya. Namun, memang takdir harus demikian. Seolah-olah Gentayu mengikhlaskan nyawanya demi tuannya.

Gentayu masih terus mengejar. Tapi malang, dia terpeleset dan jatuh di kubangan penuh lumpur. Gentayu tak bisa berbuat apa-apa. Tentara Belanda langsung menghujani peluru, tombak, dan anak panah. Gentayu mati tanpa ada air mata di kelopakannya.”

\*\*\*

Juna dan Paksi terdiam. “Kalian berdua harus bisa menggambar Pangeran Diponegoro dengan sebenar-benarnya dan sebaik-baiknya,” kata Kakek menutup ceritanya.

TAMAT

Pangeran Diponegoro kamitenggengen, nyipati kahanan mangkana. “Kabeh merga pitulungane Gusti Allah.”

Pangeran Diponegoro mlayu, nitih kuda Kyai Girisa. Kabeh pendherek nututi. Satemene Pangeran Diponegoro ora mentala ninggalake Gentayu sing tatu arang kranjang. Ananging wis kaya pesthine kudu ngono. Kaya-kaya Gentayu ngeklasake nyawane kanggo nylametake bendarane.

Gentayu isih terus nguyak. Ananging apes, Kyai Gentayu kepleset tiba ing jogangan sing kebak lendhut. Gentayu ora bisa apa-apa. Tentara Walanda langsung ngrocok nganggo tombak, panah, lan mimis. Gentayu mati tanpa ana luh ing telapukan mripate.

\*\*\*

Juna lan Paksi meneng wae. “Mula kowe cah loro kudu bisa nggambar Pangeran Diponegoro sing sabener-benere lan saapik-apike,” mangkono Simbah mungkasi dongenge.

TAMAT.



## Biodata

**Penulis: Sigit Purnomo** atau **Wage Daksinarga**, lahir pada hari kamis wage. Di Gunungkidul 10 maret 1977. Bersama Almarhun Iman Budhi Santosa menulis buku Tali Pati, kisah-kisah bunuh diri di Gunungkidul. Menulis beberapa naskah sandiwara berbahasa jawa. Seperti Purik, Pogeng (Hotel), KUP, Pasar Bubrah, Jumbleng, HOAK, Balen, Sedulur mulur tangga eca (adaptasi naskah karya Motinggo Busye Malam Jahanam). Menulis scenario film, Telaga, Keris, Radio, dan Rasa. Mendirikan Kelompok Sandiwara berbahasa jawa, Sega Gurih. Mendirikan komunitas Sekar Resan di Gunungkidul, mendirikan teater Alang-Alang di Dlingo Bantul. Ikut mendirikan Yayasan IMAJI, yang bergerak di bidang kesehatan mental, dan pencegahan bunuh diri di Gunungkidul.

**Ilustrator : Angga Yuniar Santosa.** *Full time* Ilustrator yang tinggal di Sedayu Bantul, aktif berkarya seni dan berpameran seni rupa. Sering mengisi kelas-kelas mengajar maupun workshop seni di berbagai ruang pendidikan dan umum. Kontak hubungi WA 082227597591

**Penyunting : Nur Ramadhoni Setyaningsih.** Lahir dan tinggal di Sleman. Saat ini ia aktif sebagai Widyabasa Ahli Muda di Balai Bahasa Provinsi DIY. Ia juga menjadi salah satu pengelola Jurnal Widyaparwa termasuk melakukan penyuntingan naskah. Selain itu, ia juga melakukan penyuntingan naskah-naskah cerita. Dapat ditemui di kantor dengan alamat Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Kotabaru, Yogyakarta; telepon (0274) 562070; posel nurramadhonis@gmail.com.











MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN

Juna senang sekali. Ia akan berkunjung ke rumah Kakek. Setibanya di rumah Kakek, Juna dan adik sepupunya, Paksi, menggambar Pangeran Diponegoro. Kakek ikut bergabung. Kakek menceritakan kisah seru tentang perjuangan Pangeran Diponegoro. Bagaimana kisah seru Pangeran Diponegoro? Yuk, simak ceritanya di buku Kuda Kyai Gentayu.

ISBN 978-623-112-601-6 (PDF)



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI  
REPUBLIK INDONESIA  
2023